


# RUNZIRO

 Ndizvozvo. Ndinofunga kuti tinofanira kumira patinoverenga Shoko raKe. Hamufungi kudaro here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] saka ngatimirei kwechinguvana, tichiverenga Shoko raKe. Ndiri kuverenga, manheru ano, chidzidzo cheMagwaro chinowanikwa muBhuku raIsaya, chitsauko 6. Nyatsotereresai.

Mumazuva okufa kwamambo Uziya ndakaona zvakare Ishe agere pachigaro choushe, chirefu... chakakwirira, mipendero yenguwo dzake ichizadza tembere.

*Kumusoro kwake kwakanga kumire maserafimi: imwe neimwe yakanga ine mapapiro matanhatu; namaviri yakafukidza chiso chayo, namaviri yakafukidza tsoka dzayo, uye namaviri yakanga ichibhururuka nawo.*

*Imwe yakadanidzira kune imwe, ichiti, Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye JEHOVHA Mwari wehondo: nyika yose izere nekubwinya kwake.*

*Nheyo dzezvikumbaridzo dzikazungunuka nenzwi rowakanga achidana, imba ikazadzwa noutsu.*

*Ipapo ndikati, Ndine nhamo! Nokuti ndaparara; nokuti ndiri munhu wemiromo ine tsvina, uye ndigere pakati pavanhu vemiromo ine tsvina: nokuti meso angu aona Mambo, JEHOVHA wehondo.*

*Ipapo imwe serafimi yakabhururukira kwandiri, yakabata zimbe rinopfuta muruwoko rwayo, rayakanga yatora nembato paartari:*

*Ikagumura muromo wangu naro, ikati, Tarira, iri zimbe ragumura miromo yako;...zvakaipa zvako zvabviswa, uye zvivi zvako zvadzikinurwa.*

*Ipapo ndakanzwa izwi raShe, richiti, Ndingatuma aniko, ndiani ungatiendera? Ipapo ndakati, Ndiri pano ini; nditumei.*

<sup>2</sup> Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

<sup>3</sup> Baba, “nhamo,” tinonzwa manzwiwo mamwe chete akaitwa naIsaya, “Tine nhamo! Nokuti meso edu aona Mambo, Ishe weKubwinya.” TinoKutendai, Ishe, kuti pane hurongwa hwekuchenesa, manheru ano, husingabate kwete miromo yedu yoga asi moyo yedu nemweya yedu, uye nokutishamba kubva pakusachena kwedu kwese. Nokuti, zvirokwasvo, tinogara pakati pevanhu vane miromo yakasviba, uye nemiromo yeduwo, zvakare, yakasviba. Tinonamata kuti Mweya Mutsvene mukuru uuye kuzobata miromo yedu nemoyo yedu nechizoro, Moto

weMweya Mutsvene unobva paartari yaMwari, ugotishamba kubva pane kwese kusatenda nekupokana kwedu, kuti Agopinda oita hugaro hwaKe nesu. Nokuti, tinoMuda, uye tinoMuyemura, uye tinoMunamata. Tinonamata, Baba, manheru ano, kana paine mumwe pano asati acheneswa nokubatwa neMweya Mutsvene mukuru, Moto waMwari, kuti usiku huno basa iri richashandwa mavari nokuda kweHumambo hwaMwari. Tazvikumbira nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

Mungagara pasi.

<sup>4</sup> Zvino ndiri . . . tichaedza kubuda nokukasika. Handidi kuti mupotse Sunday school. Zvino, hazvina mhosva kwamuri kana mukarasikirwa nebasa rezuva rose, haumbonzwi kurasikirwa zvakananyisa; asi kukuchengetai kusvika na nine-thirty, kana zvimwewo, pane umwe usiku. Asi musapotsa Sunday school, pane zvamungaita.

Zvino chidzidzo changu manheru ano ndechokuti: *Runziro*.

<sup>5</sup> Tinoda kuverenga nyaya iyi, tinofanira kuzarura kuna MaKoronike eChipiri, chitsauko 26, munogona kuzviverenga. Uyu Uziya aiva mukomana wekufudza makwai. Zvino iye, MaKoronike eChipiri 26 inotiudza kuti, akazodzwa kuva mambo aine makore gumi nematanhatu. Uye baba vaUziya, munhu waive nehmwari. Zvino murume uyu aive munhu wakanaka, aine vabereki vane humwari, “Akaita izvo zvaive zvakarurama pamberi paJehovha.” Zvino tinoona kuti kazhinji . . .

<sup>6</sup> Ndi—ndinofunga kuti nhasi, dambudziko redu guru, rezvatinotenda kuti hundururani hwevana, hundururani hwevabereki, hundururani mumusha. Vanhu vedu—vedu vakabva pazvinhu izvo zva—zvavaifanira kunge vachigara nazvo. Kereke yakatanga kudziya kana kutonhora, uye va—vana vakabuda ndokuenda munyika.

<sup>7</sup> Zvino Hollywood yave kugadzira mabhaisikopo akawanda ne—nematerevhizheni, nezvimwe zvakadaro, zvisina kana kumboongororwa, apo pavanenge vachituka ne—ne—nekushandisa Zita raMwari zvisina maturo. Uye—uye zvaisiitika kuti zvaive zvakashata kuti vana vemukereke dzechutsvene kuti vaende ku—ku—kubhaisikopo kana kwairatidzwa mifananidzo, zvino Satani akachirika ndokuita nhano yepamberi, pakuzviunza mumba chaimo, zviri muchimiro cheterevhizheni, uye zvisina kuongororwa, ne—nezvakadaro. Zvino ndiyo nzira yaSatani yokupinda nayo zvishoma nezvishoma.

<sup>8</sup> Sezvaive zvakaita mutserendende wekutsvedza wakagara padanda. Vazhinji venyu hamuchaurangariri, nokuti muri vadukusa. Waiva wekuvaraidza vana; waigara padanda rako uchirifambisa-fambisa, uchitenderera. Paiva neburi, kana gwanza, zvino munhu wose aikwikwidzana nemumwe, kuona kuti ndiani anosvika pedyosa naro. Zvino mushure mechinguva,

usati wamboziva, [Hama Branham vanoridza munwe wavo—Mupepeti.] wobva wadonhera pasi.

<sup>9</sup> Ndizvo zvakaita chivi. Usatambe nacho. Usaone kuti unogona kuswera pedyo nacho zvakadini. Ona kuti ungagara kure nacho zvakadini. Maona? Usaite dambe. Kana uchida kuita dambe . . . handidi kuita dambe.

<sup>10</sup> Mumwe mutana muScotchman, pane imwe nguva, vanoti, akanga ari kuzodarika nepagomo. Zvino ngoro dzakanga dzakamirira, munhu wese achida kuenda naye seri. Akati, “Ndinoda mutyairi anogonesesa kuti aende neni.”

<sup>11</sup> Mumwe wavo akati, “Zvakanaka, ndinokwanisa kutyaira mabhiza angu matanhatu achimhanyisa zvikuru achisiya—achisiya mainchi gumi kubva kumawere egomo iri.” Kungodonha chete, rufu. Akati, “Ndiri mutyairi anokwanisa kutyaira mabhiza angu, zvisina njodzi, pariri, mavhiri angu achingosiya mainchi gumi, uye handidonhi.”

<sup>12</sup> Mumwe akati, “Ndinogona kudarika izvozvo. Ndinogona kutyaira ndichisiya mainchi matanhatu, kana mainchi mana, ndisingambowiri pasi.”

Akati, “Ko imi, changamire?”

<sup>13</sup> Akati, “Zvakanaka, handizivi. Handifarire kuita zvakadaro. Ndi—ndinogoti kwatikwati negomo.”

Iye ndokuti, “Iwe chienda neni.” Ndizvozvo. Ndiye wacho.

<sup>14</sup> Hazvisi kuti unogona kuswera pedyo zvakadini, uye kuti unofunga kuti wakachengetedzwa zvakadini, garira kure nechivi sokukwanisa kwaungagona zagara. Ingoenda kure sezvaungagona. Unoti, “Zvakanaka, ndinokwanisa kuita *zvakati*. Hazvina mhosva kana ndikaita *zvakati*.” Saka, kana paine mubvunzo mupfungwa dzako, usambozviiti zvachose. Pakangoita mubvunzo, garira kure nazvo. Zvino, munooni, zvino unenge wave kurarama nokutenda, kana pasina mubvunzo. Kana paine mubvunzo, zvirege, usazviite zvachose.

<sup>15</sup> Uye ndinofunga kuti kazhinji kacho vabereki ndivo vanotsauka. Ndinoziva kuti dzimwe nguva pane zvi—zvikoro, nezvimwe zvinhu. Uye Sunday school kuda hafu yeawa, kana awa Svonzo mangwanani, zvino nyika ndiyo yozova nevana svondo rose rasara, yopakira mavari kudarika mudzidzisi. Uye nguva dzakawanda, nguva dzakawandisa, mudzidzisi ane nguva shoma yaanodzidzisa, paanenge achipenda miromo yake pamwe nokugadzira vhudzi rake, orega vana vachiita zvavanokwanisa.

<sup>16</sup> Zvino kumba havambowani dzidziso yeChikristu zvachose. Amai vaenda pane kwavari kumutambo wemakasa, nababa vari zasi kumutambo webowling, uye—uye hanzvadzisikana yabuda nemumwe munhu nekamotokari. Zvino hezvo, munooni. Chii, ko tino—ko tinoendepi? Unongo, zvakango . . . Zvakashata zvikuru. Uye tinoona zvinhu zvose izvi pamwe chete. Junior

ari kunze, achimhanya achikwira nokudzika nomugwagwa, ari pamudhudhudhu wake. Uye, o, vamwe zasi vari kutamba gorofu, uye vamwe vachitamba pool, uye ndeichi kana chimwewo chokufadza vanhu. Uye kereke yaregedzeka.

<sup>17</sup> Kakawanda, vanenge vaine board ipapo; kana mufundisi zvikaitika kuti ataura zvanga zviri—zviri kupesana zvisroma, kana kutaura chimwe chinhu nezvazvo, bato iri rinomudana, zita rake roendeswa kumuzinda obva adzingwa. Saka, munoona, zvangova zvebasa, panzvimbo yokunge ari muranda akazodzwa kuparidza Evhangeri. Maona? Ndizvozvo. Chave chinhu chavanoda. Zvangove—zvangove zvebasa. Vanofanira kugarapo, vachitambira mari yakanaka. Terera, hama, Mwari ave nengoni pamunhu anotengesa hudangwe hwake nokuda kwezvakadaro. Terera!

<sup>18</sup> Tinoda munhu anobata Evhangeri, asina magirovhosi, kwete akapfeka mhando yose yegirovhosi resangano. Kungoriparidza sekunyorwa kwarakaitwa, uye—uye ugorega zvimeu zvichiwira kwazvinoda. “Kana shangu ichikwana,” amai vaiwanzoti, “ipfeke.” Vaiti, “Usacheka konzi yako.” Zvino, saka tine zvinhu izvo zvatinfanira kunge tichinzwa kubva kwazviri.

<sup>19</sup> Zvino, mambo uyu, Uziya, aive mwana akaisvorurama. Aive nababa vaive nehumwari. Amai vake vaibva kuJerusarema, nababa vaive nehumwari avo vaive mambo mberi kwake, zvino dzidziso yakadai yakasinina mumukomana uyu.

<sup>20</sup> Handisi muDemocrat kana muRepublican. Ndakangovhota kamwe, kaiva kuna Kristu. Uye ndiYe—ndiYe. . . Ndichahwinha pane Iyoyi.

<sup>21</sup> Zvino, ndi—ndinofunga kuti President mukurusa, ndingati, watakambova naye, aive Abraham Lincoln. Kwete nokuda kwekuti aive wekuKentucky, zvakare, asi nokuda kwekuti murume uyu akakura asina chaave nacho. Zvino mabhuku ose ayo murume uyu akambova nawo, kubvira panguva iyo aive mukomana muduku, kusvikira abve zera, potse, raive Bhaibheri ne—ne*Pilgrim’s Progress* yaBunyan. Munoona, zvakaumba maari (chii?) uyo “Abe akatendeka.” Iye. . . Zvaunoverenga, zvaunoita, zvinoumba hunhu hwako. Zvi—zvinotaura zvauro. Uye zvino, munoona, akaverenga pokuti “kana ukaita zvakashata, unozvibhadharira; kana ukaita zvakana, Mwari anozviremekedza,” zvino izvozvo zvakamuumba kuva zvaave. Uye amai vake, mu—mudzimai aive nehumwari, zvakare. Akati, “Kana pane kurumbidzwa kunogona kupiwa kune mumwe munhu, vaive amai vaive nehumwari,” vakamukudza zvakana. Zvino izvozvo zvakaita, ndinofunga, ndinogona kuti mumwe, ndokunge asiri iye, President mukurusa watakambova naye. Akakura asina chinhu, zvino Mwari vakamuita President nokuti aive munhu wakatendeka uye ari munhu wakanaka.

<sup>22</sup> Zvino, tinoona kuti mukomana uyu aive zvimwe chete. Aive nevabereki ava vaive nehumwari, akaita izvo zvaive zvakarurama. Paakaitwa mambo, uye aine makore okuberekwa gumi nematanhatu, haana kuita hany'n'a nezvematongerwo enyika nemaonero aifarirwa muzuva rake, ndokushumira Mwari nokuremekedza. Izvozvo zvakamuita mambo chaiye. Kushaya hany'n'a nezvematongerwo enyika nemaonero echimanje-manje, oshumira Mwari nokuremekedza, izvozvo zvakanga zvakanaka zvikuru. Humambo hwake, Mwari vakahuropafadza, hwakakura zvokuti ndihwo hwaitevera hwaSoromoni. Zvino Soromoni ndiye akava nehukurusa hwakambovapo; asi mukomana uyu ndiye aitevera Soromoni, muhumambo hwake.

<sup>23</sup> Zvakave be—betsero huru kumuporofita muduku Isaya, uye aive munhu wechidiki panguva iyi, ari kungunokura. Akazvarwa ari muporofita, akatarisa runziro yaiva nomurume uyu pavanhu; uye ndokuona kwaibva runziro yake, nokuti aivimba naMwari, nemazvo. Uye aive... Akacherechedza zvakare, Isaya, kuti Mwari vanoropafadza avo vakatendeka kuShoko raMwari.

<sup>24</sup> Zvino tinocherechedza kuti muchinda muduku uyu aida kugara nedzidziso yezvakataurwa naMwari. Akachengeta mirairo yaKe. Uziya haana kutsaukira kurudyi kana kuruboshwe. Akanyatsogara neizvo zvakataurwa neShoko, uye Mwari vakamuremekedza nokumuropafadza pane zvose zvaaita, zvakabudirira, zvichienda mberi. Waive—waive muenzaniso wakadini kune upi zvake wechidiki!

<sup>25</sup> Ndinofunga kuti dai tine vanhu nhasi, mumakereke edu vanozviti Makristu, kana vakarega zvinhu zvemunyika vararama upenyu hwakadai, zvinozorunzira Makristu echidiki kuti vagodaro. Asi, nhasi, pavanoregedzeka, vonwa nokuputa, nekungoenderera, vachiedza kuramba vakabatirira pakupupura kwavo seMakristu, zvinoisa chigumbuso chakaipa munzira yevamwe vanhu, uye zvinoita kuti zviomesese.

<sup>26</sup> Rangarirai, Bhaibheri rakati, “Muri tsamba mhenyu, dzakanyorwa, dzinoverengwa nevanhu vose.” Zvino, vanhu vazhinji havaverengi Bhaibheri, asi Mwari vakakuita mumiririri mupenyu. Uri tsamba inofamba, unofanira kunge uri Bhaibheri rinofamba, Kristu ari mauri. Unofanira kunge uri Shoko raMwari riri kufamba. Zvino kana ukapupura kuti uri Mukristu, uye usiri, runziro yako, yako... Zvauri kurunzira, zvichakuita kuti ugopindurira mweya yakawanda yawakatsautsa, kubva kuna Kristu, neZuva iroro reKutongwa.

<sup>27</sup> Ndinofunga kuti takafanira, manheru ano, kufunga nezvazvo, nokuti murume wose, mudzimai, mukomana nemusikana, anoziva kuti uri kuuya paKutongwa. Unogona kupunyuka *izvi*, *izvo*, kana *nezvezvo*. Unogona kunzvenga vemutero, unogona kunzvenga veInternal Revenue. Unogona kuita chino kana icho. Unogona kunge wakadarikidza

mamhanyiro anotenderwa pamugwagwa mapurisa akatadza kukubata. Asi, rimwe zuva, Kutongwa kuchakubata. Zvichatoitika!

<sup>28</sup> “Zvino tinoziva kuti munhu anofanira kufa, zvino shure kwezvo Kutongwa.” Rufu hachisi chinhu chakaoma. Kutongwa mushure mokunge wafa, ndicho chikamu chakaipa. Zvino ipapo, zvawakaita muhupenyu, uye nokuti wakarunzira vamwe sei, uchazvipindurira neZuva iroro.

<sup>29</sup> “Takanyanyofanirwa sei kuti tibvise zvose zvinorema, nechivi icho chisingatane kutivhiringidza, kuitira kuti tigomhanya nokutsungirira nhangemutange iyi iri mberi kwedu, tichitarisa,” kwete kuchitendwa, kusangano, kune mumwe munhu, asi, “kuna Jesu Kristu Anova muvambi nemupedzisi weKutenda kwedu.”

<sup>30</sup> Tinofanira zvakadini kufunga zvinhu izvi, vashamwari, mukurevesa nekuremekedza, apo tinoona Zuva iri richiuya, uye tichiziva kuti nenguva ipi zvayo peji rako reupenyu, bhuku, rinogona kuvharwa manheru ano, zvino mangwana unenge watononoka kuzviita. Usarega kuita izvo zvaunokwanisa kuita nhasi, kuti uzozviita mangwana, nokuti mangwana anogona kusavapo. Varume nemadzimai, vakomana nevasikana, kuda vagere muno manheru ano, vanenge vave mumochari zva risati rabuda. Ichokwadi. Zvino bhuku rako rinobva ravharwa, hanzombowanazve mumwe mukana. Pamwe uno ndiwo mukana wokupedzisira wauchazofa wakawana. Pafunge ipapo, uchirevesa. Unoti, “Zvakanaka, pamwe handizvo.” Pamwe handizvo, asi zvinogona kuve zviru izvo. Asi, rangarira, rimwe zuva bhuku richavharwa, nezvauri kuita iye zvino.

<sup>31</sup> Uye kunyanya imi vanhu munozviti Makristu, zvipsanurei kubva kuzvinhu zvenyika. Usawane chaungaite nenyika. Ifuratire, nokuti mumwe munhu akakutarisa. Mumwe munhu akakutarisa. Zvino hausi kuzozviendesa ikoko uri wega, asi uchaenda navo kunzvimbo yakashata iyi, zvino uchazopindurira runziro yako.

<sup>32</sup> Zvino muporofita uyu akatarisa murume uyu, ndokuona kuti Mwari vakanga vamuropafadza, uye kuti zvakave runziro yakadini! Kutu murume uyu akabudirira sei, izvo zvaakaitirwa naMwari. Akararama u—upenyu hwaive hwakaisvonakisa, hwakaropafadzwa naMwari, uye haana kumbotsaukira kurudyi kana kuruboshwe.

<sup>33</sup> Zvino pano tinoona mumwe muenzaniso zvakare mumurume uyu, murume uyu Uziya, mambo mukuru akambofamba naMwari. Bhaibheri rakati, “Mambo paakanzwa zvino kuti akanga achengeteka, achinzwa kuti zvakanga zvakamunakira, zvino akazvisimudzira mumoyo make, nekuzvikudza.”

<sup>34</sup> Regai ndimire pano nditaure izvi, mukurevesa, hama yangu, hanzvadzi. Mwari vakuitai vatereri vangu manheru

ano. Ndinofanira kunyatsorevesa mune zvandiri kutaura, uye munofanira kuterera makaperera.

<sup>35</sup> Ndiro dambudziko rine vanhu vakawanda nhasi. Vanofunga . . .Tine dzimwe hama dzedu dzinoshumira, vamwe vacho vanosvika pachinhano, zvichida, neshumiro huru, kusvikira vanonzwa kuchengeteka. Takambova nezvaka dai, tinoziva kuti ichokwadi. Vashumiri vakawanda munyika nhasi vakatanga kunwa. Vamwe vavo vanofunga kuti, “Zvakanaka, ndine kahumambo kangu kakavakira pandiri. Hapana chikonzero chokuti ini . . . Vanhu ava vanondida zvikuru, zvokuti havana basa nazvo kana ndikaita *zvakati* kana ndikaita *zvokuti*. Rega ndikutaurire, hama, pane Mumwe Akatarisa, uye ndiMwari. Hakuna munhu akachengeteka ari kunze kwaMwari.

<sup>36</sup> Dzimwe nguva tinozovika panzvimbo, patinofunga, “Mwari vanotropafadza. Vandipa Cadillac. Vandipa basa riri nani. Vandipa *zvokuti*.” Hachisi chiratidzo chokuti hautadzi kudzivisa maropafadzo aKe kubva kwauri.

<sup>37</sup> Kana ukazvisimudzira, wave kunzwa, “Zvakanaka, ndakamborara usiku hwose ndichinamata, ndakamboita *zvokuti* uye ndinoita *zvakati*, asi handichazviitizve,” wave panjodzi.

<sup>38</sup> Ndiro dambudziko rine vanhu vedu vechiPentecosti. Apo, kareko, kare-kare, pataiva nemachechi maduku pane imwe kona, madzimai vasina kupfeka masitokononzi vachiridza tamborini zasi ikoko, vachinamata usiku hwose, nezvose; mapurisa vaikupfigirai, uye muchigara mujere, nezvaka daro. Mainamata. Makereke, masangano ose, vaikusekai vachiita dambe nemi. Asi zvino Mwari vakusimudzirai, kusvikira mave nemakereke akanakisisa munyika, masangano makuru ane simba, makatanga kunzwa kuchengeteka. Chenjerai, ndipo pamunozvisimudzira. Zvino, kana Mwari vatumira chimwe Chinhu, hamuchakwanisa kuChigamuchira, zvakare, nokuti munenge matopupurira *kuchinhu* ichi. Zvino munotanga kunzwa kuva makachengetedzwa, zvino ndiyo nguva apo munenge mava panzira yenyu kunowa. Ndezvemasangano. Ndezvenyika.

<sup>39</sup> Tarira nyika yedu, pane imwe nguva yaimbova imwe yenyika dzaiva nehunhu pasi rose. Itarise nhasi, yave chiseko chepasi rose, ine hutsvina hwekusazvibata kudarika zvandingaziva.

<sup>40</sup> Pandakaburuka mundege, ndokupinda muRome, ndokuenda kuSaint Angelo, kunopinda mucatacomb, ndakanyara pandakaona chiratidzo chakaiswa pa—paSaint Angelo catacomb, chaiti, “Shoko kumadzimai ose ekuAmerica! Tapota pfekai hanzu musati mapinda mucatacomb, kuremekedza vakafa.” Vaiuyako vakapfeka zvika budura, vakapfeka midhebhe, munzvimbo yakafanana neRome; zvino vaibva vatozoti, kumadzimai okuAmerica, “kuremekedza vakafa; uye pfekai hanzu.” Sei, yave gutukutu mumhino!

Uye mari yedu yose iri mhiri kwemakungwa, nezvikwerete zvatakapa, nezvimwe zvose zvakadaro, hazvimbofa zvakatenga ushamwari.

<sup>41</sup> Zvatinoda munyika ino, zvino hatisi kuzofa takava nazvo, asi zvatinoda inguva ye—yekuchenesa musha; kwete kuchenesa zvevatongerwo enyika, asi rumutsiro runotumirwa neMweya Mutsvene runoitsvaira kubva kumusoro kusvika kutsoka. Ndizvo zvinodiwa nemakereke edu. Ndizvo zvinodiwa nevanhu vedu. Ndizvo, zvatinoda, semunhu wega-wega. Kuti runziro yedu... Kana tikazvisimudzira tichiti, “Ndiri muPentecosti. Ndakataura nendimi. Ndakadanidzira. Ndakatamba muMweya.” Unogona kunge wakazviita, asi rega ndikutaurire chimwe chinhu, hama, handizvo zvinokuchengetedza, nepaduku pose.

<sup>42</sup> Tinoona kuti Uziya paakazvisimudzira mumoyo make, tinoona kuti Mwari vakamurova. Chii chaakaita? Akaedza zvikuru kuedza kutora nzvimbo yemushumiri. Akafunga kuti zvaakanga akwidziridzwa, Mwari vakanga vamuropafadza, vakamuita munhu mukuru, aigona kungoita zvose zvaaingeha achida.

<sup>43</sup> Ndakanzwa mumwe mujaya achindiudza nguva shoma yapfuura, akati, “Munoziva, Mwari vanondida zvikuru, Hama Branham, Vanondirega ndichiita zvose zvandinoda. Havana basa nazvo.”

<sup>44</sup> Ndinonzwa zvakanwanda muzuva rino zvokuti Mwari ndiMwari wakanaka. Ndizvo zvaari. Handisi kupikisana nazvo. NdiMwari wakanaka. Asi zvakare ndiMwari wehasha. Hutsvene hwaKe hunoda kururama. Murairo waKe unoda kutonga. Kana pasina mutongo kumurairo, murairo unoshaya basa. Zvingabatsirei kuti, “Zvinopesana nemutemo kupinda robhoti dzvuku uko,” pasina mutongo seri kwacho? Munoono, unenge usiri mutemo. Hapana zvavaigona kuita nezvazo; hapana mutongo. Pane mutongo kana ukadarika mirairo yaMwari, uye, zvichadaro, unozobhadhara kusvika pakobiri rokupedzisira usati waburitswa.

<sup>45</sup> Iye zvino vanhu vazhinji vanoita mhosho inosuwisa seyakitwa nemuchinda uyu, paakanga asimudzirwa, ave mukuru, asvika pokuti zvinhu zvose zvakanwanda zvava mumawoko ake, akanzwa kuchengeteka, “Mwari vanondida zvikuru, kusvika pokuti hapana chinondinetsa zvino.” Paakangodaro, akazvikandira muchinhano chimwe chete icho neBhukadhinezari akaita pane imwe nguva, sekuzviziva kwenyu imi vaverengi veBhaibheri. Zvino tinozoono kuti akazorohwa nemaperembudzi nokuti akanga aedza kutora nzvimbo yemushumiri.

<sup>46</sup> Nguva shoma yapfuura, ndinoparidzira veFull Gospel Businessmen pasi rose. Imwe nguva yapfuura, ndaive ndakagara



pane imwe nzvimbo, kwaive kuJamaica, takanga tiri kuva nemusangano.

47 Ndinovada, nokuti vanhu vakabva kumakereke ose. Zvinondipa mukana we—wekuperidza. Dzimwe nguva makereke haauyi kuzoita mushandira pamwe, asi vezvemabhizimisi vavo vanoita mushandira pamwe, va—vanotozoita sokunyara nokuda kwevezvemabhizimisi.

48 Saka iye zvino tinoona, kuti imomo, ndakanga ndiri kuva nemusangano. Manheru iwayo patakadzoka kuFlamingo Hotel, ndakati, “Ndinonyara nemi machinda.” Ndakati, “Zvinonyadzisa. Zvose zvamataura pamusoro pazvo, pamberi pevatungamiri vezvematongerwo enyika nevamwe, nevemabhizimu kukwira nokudzika muno, zvaingova zvokuti, ‘Ndakanga ndine kabhizimisi kaduku zasi kuno, zvino ndine macadillac gumi nematanhatu,’ kana zvimwewo.” Ndakati, “Varume ava, haukwandise kuzvienzanisa navo.”

49 Ndiro dambudziko rine kereke nhasi, muri kuedza kuzvienzanisa neHollywood. Muri kuedza kuiita kuti ifanane neHollywood. Rangarirai, Hollywood inopenya; Evhangeri rinobwinya. Haukwandise kuenda munharaunda dzavo; unofanira kuvaunza munharaunda dzako. Ndiko kwatinofanira kuvaunza. Tinofanira kuvaunza kuno, kwete kuti isu tiende ikoko. Hatimbokwanisi kuzvienzanisa navo. Hatidi kudaro. Vanovaima nokutaima; Evhangeri rinobwinya nehunyoro nekuzvininipisa. Ndiwo mutsauko uri pakati pekupenya nekubwinya.

50 Zvino tinoona kuti, ndakati kuvarume ava, ndakati, “Nyaya yacho ndeyokuti, imi varume munongori vezvemabhizimisi, muri kuedza kuparidza Evhangeri. Hamufanirwe kunge muri kuita zvakadaro. Isu vaparidzi tine nguva yakaoma kurichengeta riri mugwara. Zvino imi machinda hamufanirwe kunge muri kuita zvakadaro. Muri kuedza kutora nzvimbo isiri iyo. Muri vezvemabhizimisi, asi musaedza kutora nzvimbo yeEvhangeri.

51 Zvino nda—ndakati, “Nyaya yacho, nhasi, muri kuedza kutaura kuti mune zvakananda zvakanini. Zvasiyana zvakanini nemapentecosti epakutanga! Mapentecosti epakutanga vakatengesha zvavakanga vainazvo.”

52 Mumwe muimbi muduku uko, aiva murume muduku wakanaka. Ndinomuda. Aiva murume wakanaka, asi akati, “Hama Branham, handitombodi kupikisa shoko renyu, kana kutaura chimwe chinhu chinopesana naRo.”

53 Ndikati, “Zvakanaka. Kana risiri Shoko raShe, zvino une kodzero yekuzviita, hama.”

Zvino iye ndokuti, “Ndiyo nguva yoga pamakanganisa.”

54 Ndikati, “O, kwete. Kwete, kwete.” Ndikati, “Mapentecosti epakutanga vakatengesa zvose zvavaive nazvo, ndokuiisa pabasa rekwaiparidzwa, zvino—zvino ndokubuda vachienda.”

55 Zvino mumwe muparidzi aivepo, akati, “Ndicho chinhu chakaipisisa chavakamboita.”

Ndikati, “Chii? Mweya Mutsvene uchiita mhosho?”

56 Akati, “Handisi kudaro; asi ndicho chinhu chakaipisisa chavakamboita.” Ndokuti, “Zvino pakauya kupesana mukereke, vakanga vasisina misha kwekuenda.”

57 Ndikati, “Ndicho chaicho chikonzero Mwari akavaita kuti vatengese misha yavo, zvadaro vakaenda kwese-kwese, vachiparadzira mharidzo munyika yose. Vakanga vasisina kumwe kwekuenda.” Mwari vanoziva zvaVari kuita, Ingovaregai vachiita Basa.

58 Tinoona kuti murume uyu akatora mudziyo unopisirwa zvinonhuwira, ndokutanga ku—ku—kuti a—avheyese, mu—mu—mudziyo, achipirisa zvinonhuwira. Rakanga risiri iro basa rake. Akanga ari mambo, kwete muprisita. Zvino muprisita akamhanya shure kwake, akamuudza, achiti, “Hamufanire kuzviita. MuRevhi woga ndiye anozviita, uye imi hamusi muRevhi. Zvinotora munhu wakazvitsaurirwa kuti azviite, zvino imi hamuna kutsaurirwa kunaShe. Muri mambo. Mwari vari kukuropafadzai. Zvakanaka. Asi hamuna kutsaurirwa kuzviita.”

59 Saka kazhinji katakaona zvipo zvichiedza kutevedzerwa, vasina kutsaurirwa kudanwa kwacho. Uye takazviona zvose izvi. Tinozviona nhasi sezvazvaive kare, kuona mumwe munhu achiedza kutevedzera mumwe munhu ane Mweya Mutsvene; kudanidzira saivo, otaura nendimi saivo, uye zvakadaro havazivi Mwari kudarika kuziva kunoita muHottentot usiku hwemuEgipita. Ndizvozvo, kungotevedzera, kuita sokunge ndizvo, zvokungotevedzera.

60 Asi regai ndikutaurirei, imi makatarisa kune izvozvo, rangarirai, paunoona mumwe munhu achizvitevedzera, pane chimwe chechokwadi pane imwe nzvimbo. Kana ndikawana dhora, riri renhema, chinongori chiratidzo chokuti rakagadzirwa kubva pane rechokwadi.

61 Asi tinoona murume uyu, Uziya, achiedza kutora nzvimbo yomuprisita uyu. Zvino pavakamunhanyira, vachimuudza, akashatirwa. Akatendeuka ndokuvazivisa, “Ndinoita zvandinoda. Ndimi vana ani kundiudza zvokuita? Mungandiudze imi zvandinofanira kuita? Ndini mambo, ndinoita zvandinoda!” Zvino Mwari vakamurova nemaperembudzi, pakare ipapo. Uye akafa, aine maperembudzi. Muhasha dzake, apo hasha dzake dzakange dzasimuka, ndipo paakarohwa nemaperembudzi.

<sup>62</sup> Zvino chakave chidzidzo kumuporofita muduku, zvemazvirokwazvo. Mushure mokunge acherechedza murume uyu achikura, ndokuwana Ph.D. yake, LL.D. yake, nezvakadaro, zvino ndokuedza kutora nzvimbo yakanga isiri yake. Akaona kuti, akashatirwa nokuda kwazvo. Apo mumwe munhu akaedza kumuudza zvakanga zviru ZVANZI NAJEHOVHA, akatadza kuzvicherechedza. Zvino Mwari vakamurova nemaperembudzi, unova mufananidzo wechivi. Zvakanaka, naizvozvi, Isaya akadzidza kuti Mwari vanoisa munhu waVo panzvimbo yake. Mwari ndivo vanoisa. Hatikwanise kutora mumwe munhu towana zvatinomuita.

<sup>63</sup> Mumwe mudzimai muduku, pano nguva shoma yapfuura, akandiudza kuti aka...kana kuti akanga aine mukomana muduku waakanga arikuzo...Akati, "Akanzwa kuti ane kudanwa." Mudzimai akanga aine makore anenge makumi matatu nemashanu, ndinofungidzira kudaro. Akati, "Mwanakomana wangu, ane makore anenge gumi nemana, anonzwa kuti ane kudanwa. Hama Branham, mungamuendesewe here kuti anowana Ph.D. yake, kanawo zvimwe zvinhu zvakadaro, kumuendeswa kune imwe koreji? Mungaraira muchiti kudini?"

<sup>64</sup> Ndikati, "Yakanakisisa yandinoziva ikoreji yemabvi, akapfugama nemabvi ake." Ndikati, "Anozoendako pakati pavo, zvino, chinhu chokutanga munoziva, anotanga kuverenga masvo-...masvomho nezve zvole izvi, uyewo nezve izvi, uye vanozomupa bvunzo repfungwa neIQ, nezvimwe zvole zvakadaro. Zvino vanozobuditsa kunze, Mwari wose, akanga ari maari," ndakadaro. Kwete kungoshaisa basa zvinhu izvi, asi ndiri kukuratidzai kuti vanotsauka kure nemutsara zvakadini.

<sup>65</sup> Tarira uone kuti, chii chakaitika. Zvino, Mwari vanoisa munhu waVo panzvimbo yake.

<sup>66</sup> Nguva shoma yapfuura, ndaiverenga imwe nyaya duku apo mumwe mu—mudzimai muduku akanga...aiva nechi—chirwere, che—che—che—chemabayu, kuSaint Louis, Missouri. Akanga achirwara, zvikuwanda, uye vakati akanga ari ku—ku—kuzofa. Zvino akanga aine mwana akanga ari mukoreji. Saka akazouya neko kuzoongorora, chiremba, kuti aone kuti aifunga kuti akanga asarirwa nemazuva mangani, okurarama. Zvino akati, "Handifungi kuti achararama zvinodarika zuva rimwe kana maviri, kana kupfura."

<sup>67</sup> Nokudaro vakafonera mujaya uyu, kuti "chitouya kumusha," amai vake vakange varwarisa. Zvino mwanakomana muduku uyu, paakawana telegram, akanga ogadzirira kuenda, ndokuwana imwe telegram, "Amai vako vave nani zvino, zvakanaka. Chirega kuuya."

<sup>68</sup> Saka, zvino mushure munenge megore, saizvozvo, mukomana akauya kumusha sezvaanoita kamwe pagore.

Paakasvika kumba, akati, “Amai!” Mushure mokunge avakwazisa, akati, “Munoziva, handizivi, pamakange muchirwara zvikuru, hamuna kundiudza zvakanyatsoitika.”

<sup>69</sup> Vakati, “O, mwanangu, ndine chimwe chinhu chokukutaurira.” Vakati, “Unoziva kachechi kari zasi kwemugwagwa uko, zasi uko kune vanhu vanodanidzira saizvozvo, vachichema nekungoenderera?”

Ndokuti, “Hongu.”

<sup>70</sup> Vakati, “Mufundisi wacho anotenda mukunamatira varwere.” Ndokuti, “Mumwe wemadzimai akauya ndokunditaurira.” Vakati, “Chiremba akandiudza kuti ndakanga ndasarirwa nemazuva mashoma okurarama.” Ndokuti, “Zvino vakatumira ndokuwana, vaida kutora mufundisi uyu kuti auye kuzondinamatira, zvino mudzimai uyu ndizvo zvaakaita, zvino ini ndikati, ‘Zvakanaka, zvirokwazvo, itai kuti auye.’” Ndokuti, “Unoziva, akatouya,” ndokuti, “ndokuverenga Gwaro kubva imo muBhaibheri.” Uye vakati, “Akauya ndokuturika maoko pandiri, ndokundinamatira. Zvino, unoziva, fivheri yakabva yaperera, ndikabva ndapora.” Zvino vakati, “O, Mwari ngavarumbidzwe!”

Akati, “Amai, amai, zvino munoziva zviri nani kudarika izvozvo!”

<sup>71</sup> Vakati, “O, o, kwete, kwete, mudikani,” ndokuti, “zvakanyatsoitika.” Vakati, “Mwari ngaakudzwe! Ndiri kukutaurira,” vakadaro.

<sup>72</sup> Iye ndokuti, “Zvino mave kuita sevanhu vaya.” Ndokuti, “Hamufanire kudaro, amai.”

<sup>73</sup> Vakati, “Asi,” ndokuti, “mudikani, akanyatsoverenga kubva muBhaibheri. Akaverenga kubva pana, Mariko chitsauko 16, ‘Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda.’ Hezvinoi izvi zviri *Pano*.” Vakati, “Isu, ta . . . Izvi zviri *Pano* apa,” vakadaro.

<sup>74</sup> “O, amai, vanhu vasina kudzidza vari zasi uko.” Ndokuti, “Vanhu vari zasi uko havana kudzidza.” Akati, “Vanongori vanhu varombo, marara seari mumugwagwa, nezvakadaro, vanomhanyiramo.” Akati, “Mufundisi iyeye . . .” Ndokuti, “Takadzidziswa mukoreji, kuti Mariko 16, kubva pandima 9 zvichienda mberi, haana kufemerwa.”

Amai vakati, “Mwari ngaakudzwe!”

Iye ndokuti, “Amai, ko manetswa nei?”

<sup>75</sup> Vakati, “Ndanga ndiri kungofunga hangu, mwanangu, kana Mwari vachigona kundipodza neShoko risina kufemerwa, ko Vachazodini nerakafemerwa?” Saka ndinofunga kuti ndizvo zvakabva zvapedza dambudziko. Hazvidaro here? “Kana risina kufemerwa richipodza, ko rakafemerwa richadini?” Ndizvozvo, shamwari dzangu. Hongu, changamire.

76 Zvino, kuedza kutora nzvimbo yemumwe. Mwari ndivo vanoisa munhu waVo. Mwari vanoisa munhu wavo panzvimbo. Haafanire kutora nzvimbo yemumwe. Haufanire kudaro.

77 Zvino chiratidzo mutembere. Mutembere, akaendako paakazviona. Isaya akazviona, Hezekia, kuti chii chakanga chaitika kwaari, zvino ndokuzofa uye kwakange kwambove ne—ne. . . Ndinoreva Uziya, uye akange—akange aiswa kumusasa unogara vane maperembudzi, zvino mwanakomana wake ndiye akazotonga panzvimbo yake. Zvino Isaya akaita kunenge kufinhikana, nokudaro wakaenda kutembere rimwe zuva, kuti abvise chinhu ichi muchipfuva cha—chake.

78 Ndinofunga kuti ndicho chinhu chakanaka chokuti tose tiite, kuenda kuimba yaMwari, woendako kunodzikinura mweya wako, wobvisa chinhu kubva mupfungwa dzako.

79 Saka Isaya wakadzikako ndokutanga kunamata. Aka. . . Kwaigona kunge ari masikati, zvino iye. . . kana kuti mangwanani-ngwanani, handizivi. Saka akaenda paaritari ndokutanga kunamata, zvino akatanga kunamata kusvikira anyatsoperera. Zvino ndiyo nzira yacho. Akanga aona zvaakanga akatarisa, pano pasi, kuti zvakanga zvakundika. Kuti uyu mambo akanga aropafadzwa naMwari, mambo uyu mukuru, ane masimba, ane masimba panyika yose, asi zvakadaro akakundika. Zvino akanga asisazive zvokuita, zvino ndokutanga kunamata.

80 Zvino, pakarepo, akasimudza musoro wake, ndokuona Mambo chaiye. Akaona Mwari vari pakakwirira Kumusorosoro; mupendero wehanzu dzaVo waizadza Matenga. Akaona, akaona chinhu chaicho chokutarisa, muenzaniso wemazvirokwazvo. Kana ukatarisa woedza kuita mumwe munhu muenzaniso wako, zvirokwasvo unokundika, nokuti iye achakundika. Asi Vaiedza kutaura kumuporofita, “Usatarise kumunhu kana kune zvinotaurwa nemunhu. Tendeutsira meso ako kwaNdiri pamwe nezvaNdakataura. Tarira kumusoro Kuno; kwete chigaro choushe chepanyika, asi Chigaro choushe chekudenga, chakasimudzirwa kumusoro kuMatenga,” uye mupendero wehanzu dzaKe waizadza matenga. Zvino akatarisa kumusoro. Uye ndokutarisa mutembere, mutembere akaona Mwari vakasimudzirwa kumusoro, ndokucherechedza maSerafimi oKudenga.

81 Zvino, maSerafimi aya haazi Ngirozi. Ndiwo anofanirwa kunge ari iwo anopisa zvipiriso nokureverera nzira yeuyo ane mhosva. Ndiwo anopisa zvipiriso.

82 Chifukidzo chakatsaurwa chaiva paZvisikwa izvi, zvichiratidza kuti Mwari mutsvene-tsvene. Mwari mutsvene-tsvene. Uye Aidanidzira nenzwi raWo riri pamusoro, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba. Mutsvene, mutsvene, mutsvene,” chaimo muHupo hwaMwari.

<sup>83</sup> Rangarirai, akanga ari maSerafimi nemaKerubhi anochengetedza Nzvimbo Tsvene. NdiWo anotora chipiriso ochipirisa. Zvino haanoi pano, achirarama chaimo muHupo hwaMwari, achidanidzira, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba.”

<sup>84</sup> Ngatitarisei masikirwe awo kwechinguva. Tinoona kuti aya aiva Zvipuka zvine mapapiro matanhatu. Aiva nemapapiro maviri akafukidza zviso zvaWo, mapapiro maviri akafukidza tsoka dzaWo, uye achibhururuka nemapapiro maviri.

<sup>85</sup> Fungai, mapapiro maviri akafukidza zviso zvaWo, kutanga. Kutanga, zvinorevei? Ngationei kuti mapapiro maviri akafukidza zviso zvaWo anorevei. Kana Mwari ari mutsvene zvokuti Ngirozi tsvene nemaKerubhi zvinofukidza zviso zvaZvo, kuti zvimire muHupo hwaKe, ko isu tichamira sei? Kuti tichamira riinhi, tose tinofanirwa kumira, muHupo hwaMwari; Ndiye Mutongi mukurusa, uye tose tichamira muHupo hwaKe. Zvino Ngirozi tsvene dzisina kumboziva kuti chivi chii; Dzakasikwa dziri Zvisikwa zvakatsaurwa, uye kuti zvimire muHupo hwaKe, zvichifanira kufukidza huso hwaZvo hutsvene, kuti zvigarepo. Kana Ngirozi dzichifanirwa kufukidza zviso zvaDzo zvitsvene, kuti dzimire ipapo, ko isu tichadiniko, kuti tikwanise kurarama muHupo hwaMwari Samasimba, kana tikagara muHupo hwaKe? Tine chifukidzo, zvakarewo, Ropa raJesu Kristu. Ndizvozvo. Nhasi. . .

<sup>86</sup> Ndiko kuremekedza. Zvaireva kuremekedza, muHupo hwaMwari.

<sup>87</sup> Muzuva rino hapana ruremekedzo. O, zvishoma zviripo, zvinongori zvishomanana. Chii? Unoona vanhu vachiseka kune chinonzi Chikristu. Chii chichaitika kumunhu iyeye? Kana Mwari vachinge vatumire chimwe chinhu panyika, zvino vochiona chichishanda zviri maererano neShoko, zvino munhu otaura pamusoro pazvo, nokuita dambe nazvo? Munoziva zvakataurwa neBhaibheri? Jesu wakati, “Kumhura, Mweya Mutsvene, uye hazviregererwi.”

“O,” vanoti, “Ndezva dhiyabhorosi.”

<sup>88</sup> Chenjera zvaunotaura, hama, hanzvadzi. Chenjera zvaunotaura, mutadzi. Hazviregererwi. Jesu wakati, “Kutaura shoko rimwe rinoZvipikisa, hazvife zvakaregererwa munyika ino kana munyika inouya.”

<sup>89</sup> Onai zvaAchangopedza kuita, kunzvera moyo, kuvaudza pfungwa dziri mumoyo yavo. Zvino vakati, “NdiBherizebhabhu,” kudana Mweya waMwari kuti “mweya wetsvina, dhiyabhore achiita basa raMwari.”

<sup>90</sup> Zvino Akati, “Ndinokuregererai,” yananiso yakanga isati yaitwa panguva iyoyo, asi, uye Jesu akanga asati afa. “Asi,” ndokuti, “kana Mweya Mutsvene uchinge wauya, kutaura zvinopesana naZvo, haufe wakaZviregererwa.” Kana Mweya

Mutsvene achinge auya kuzoita basa rimwe chete iro raAimboita kare, hazviregererwi. Vanhu vasingaremekedzi! Chii chimwe chatingatarisire kunze kwekutongwa, nyika ino yaramba Mwari?

<sup>91</sup> Nyika ino, vanaBilly Graham navanaOral Roberts vakawanda vaparidza zvine simba munyika ino, nevamwe masoja makuru eMuchinjikwa vakafamba nemunyika ino, vachiparidza Evhangeri, uye zvatekeshera gore rose, chivi chiri kuramba chichiwedzera.

<sup>92</sup> Aiva mu—muvhangeri mukuru, Billy Graham, akati nerimwe zuva mune mumwe wemisangano yake, paakange aenda kuNew York, akati aitenda kuti “New York yakanga yawedzera nehuwandu wakawanda, hwechivi, kubvira parumutsiriro rwake ikoko.” Akati paakanga ari kuno kuCalifornia, Los Angeles, akati, “Mumakore gumi kana gumi nemashanu kubva zvino, kuti munhu wose achange ave kufamba akatakura kapfuti kemuhomwe, kana zvimwe kuti azvidzivirire, havana vachengetedzi vemutemo vakakwana, chivi chatekeshera.”

<sup>93</sup> O, chinyiko? Kusaremekedza Bhaibheri. Varamba kugamuchira mukana wavo. Vaumhura pamwe nokuita dambe nawo. Ndizvozvo.

<sup>94</sup> Zvino ngatichizviunzai pedyo, tarirai makereke, zvaaita. Mazhinji awo anodarika kuenda kune rimwe divi renyika... Kana mukawana munhu ane simba remazvirokwazvo raMwari rakakwana—rakakwana paari, achiudza vanhu pamusoro penzira dzavo dzechivi! Panoita mumwe munhu anovaudza kuti vanofanira kubarwa patsva, kwete kukwazisa ruwoko kana kuuya kuzatora sarudzo. Vanofanira kubarwa patsva; kwete kuisa zita rako mubhuku, kana kujoinha kereke, kana kugwinhana mawoko, kana kusaswa kupi zvako, kana rumwewo rubhabhatidzo. Asi kunge wakabarwa neMweya waMwari, wakapatsanurwa, Upenyu hwaMwari huchirarama mauri, Huchizviratidza nemo; kwete zvanhasi chete, mangwana, asi mazuva ako ose; uine mufaro mumiedzo yako nematambudziko, unoramba uchienda mberi, uchiziva kuti nzira yakazaruka mberi kwako, yekuenda muKubwinya. Ndiyo mhando yeEvhangeri! Kana uchinge wavawana vakadaro, iwe woRiparidza; zvino ugodzokazve gore rinotevera, ipapo vanenge vari zvimwe chete, chinhu chimwe chete, kungoti vanenge vawedzera kuipa, zvichiwedzera nokuwedzera. Paunonyanya kuparidza uchizvipikisa, ndiko kuwedzera kuipa kwazvinoita. Chinyiko? Kusaremekedza.

<sup>95</sup> Zvino zvikamu makumi mapfumbamwe nemashanu kubva muzana evanhu ava vanoenda kukereke, vane mazita avo mubhuku, vachizviti Makristu. Varume vanozviti Makristu, vanoputa, nokunwa, nokuchovha njuga, nokutaura zvokusetsa vanhu zvinonyadzisira. Madhikoni akawanda pabhodhi, vane

mudzimai mumwe, vaviri, nevatatu, nevana. Ichokwadi. Zvinonyadzisa! Madzimai achiimba mukwaya, vakagerwa vhudzi. Bhaibheri rakati, “Mudzimai uyu munhu akazvidzika.” Vaine pendu kumeso kwavo! Pane mudzimai mumwe akambopenda kumeso kwake, muBhaibheri, aiva Jezebheri. Mwari vakamudyisa nembwa, saka muri kuona zvaAnofunga pamusoro pazvo. Zvino ukauya kuzovataurira nezvazvo; gore rinotevera, ukadzoka, vanenge vaipa kudarika zvavakanga vari pakutanga. Havaremekedzi, havana rukuzo, havana—havana pfungwa dzokugona kuzvibata.

<sup>96</sup> Regai ndikuudzei chimwe chinhu, madzimai, mhandara, nechemberewo, zvakare; munofamba makapfeka hanzu idzi, hanzu idzi dzinobata, nezvikabudura. Unoti, “Hamufanire kunge muchitaura zvakadaro, Hama Branham.” Ndinofanira kudaro. Ibaso rangu. Ino iyi—ino iyi ipurupiti.

<sup>97</sup> Pane mumwe munhu akandidana, nguva shoma yapfuura, mumwe wevavhangeri vakuru vePentecosti vari munyika. Akati, “Iwe siya vanhu ava vakadaro.”

Ndikati, “Ndiwe ani kundiudza kuti ndivarege vakadaro?”

<sup>98</sup> Akati, “Ndinokudai.” Uye ndokuti, “Shumiro yenyu ndeye kunamatira varwere.”

Ndikati, “Kuparidza Evhangeri, hama.”

<sup>99</sup> Zvino akati, “Onai, Hama Branham,” ndokuti, “handiti, vanhu ava vanotenda kuti imi muri muporofita.”

Ndikati, “Handina kumboti ndizvo zvandiri, ndakadaro?”

<sup>100</sup> Akati, “Asi vanotenda kuti ndizvo zvamuri. Ko madiniko kudzidzisa madzimai aya kuti vanogamuchira sei Mweya Mutsvene, uye nokuti vanogamuchira sei zvipo pamwe nokuita zvimwe zvinhu, panzvimbo yokungogara muchivatsiura nokuda kwemapfekero avari kuita pamwe nezvavari kuita? Madiniko kuvadzidzisa zvinhu zvakadaro, kuti zvigobatsira?”

<sup>101</sup> Ndikati, “Ko ndingavafundisa sei masamhu vasati vave kuziva maABC avo?” Munoziva kuti ABC chii? [Always Believe Christ neChirungu—Translator.] Tenda Kristu nguva dzose. Ndizvozvo.

<sup>102</sup> Zvino, zvino munozviitirei, ko munozviitirei? Zvinoita sokunge pane kumanikidzwa kuri pavari, chimwe chinhu chiri kuvadzivisa kuti vazviite. Zvinoita Sodhoma yechimanjanje. Ndiyo nguva yacho yatimire mairi, yokuti zvinhu zvinonyangadza zviri kuitika munyika nhasi.

Zvino akati, “Zvakanaka, onai. . .”

<sup>103</sup> Ndikati, “Kwete, handina zvirongwa zvandinobhadharira mari. Handina kereke inondituma. Kwete, changamire.” Zvino ndikati. . .

Akati, “Ibaso remufundisi, kuzviita.”



Ndikati, “Asika havasi kuzviita.”

<sup>104</sup> Zvino, zviri kune mumwe munhu, rimwe inzwi rinofanira kudandizira richizvipikisa, nokuti zvakashata. Zvirokwazvo zvakashata. Remekedza, Zvipe kukudzwa.

<sup>105</sup> Mumwe mudzimai wechidiki akati kwandiri pane imwe nguva, akati, “VaBranham, havachagadziri dzimwe hanzu kunze kweidzodzi.”

<sup>106</sup> Ndikati, “Vachiri kutengesa machira, uye vane michina yekusona.” Ndizvozvo.

<sup>107</sup> Rega ndikuudze chimwe chinhu, mudzimai. Unogona kunge wakachena uye wakazvibata nezvose zvaunogona. Unogona kunge uchirarama zvakatendeka kumurume wako, mukomana wako, sezvaungagona. Asi nerimwe ramazuva, paChigaro cheKutonga, uchapindurira kuita upombwe.

“Kana ndisina mhosva?”

<sup>108</sup> Une mhosva! Jesu wakati, “Uyo anotarisa mudzimai, womuchiva atoita upombwe naye mumoyo make.” Zvino kana mutadzi uyu akakutarisa zvakadaro, uye akaita pfungwa dzakadaro pamusoro pako, achazvipindurira, neZuva reKutonga. Uye kuti wakazviitirei? Iwe wakazviratidza kwaari, wakazvimanikidzira mune dzimwe hanzu nezvimwe zvakadaro. Ndizvozvo. Zvinonyadzisa. Uchatozozviita, mudzimai.

<sup>109</sup> Zvino imi varume munozviti Makristu, munofanira kunge muchitonga musha wenyu, morega madzimai enyu achiita zvakadaro, tendeukai kana kuti musha wenyu wose unoparara!

<sup>110</sup> Unogona kusazondida mushure meizvi, asi ndichakutaurirai Chokwadi, nokuti maoko angu—angu achange asunungurwa kubva kuropa pandinouya paChigaro cheKutonga. Ndicho chinhu chechokwadi, munoona. Yeah. Teerera, hama, pane inzwi rinoenda nechiratidzo, munoziva, zvino zvakafanira kuti uRinzwe; kwete rangu, asi iZvi ndizvo zvakarehwa neBhaibheri. Ndizvozvo. O, ndinoziva kuti zvinoita sezvechinyakare, asi ndizvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri, uye ndizvo zvatnofanira kunge tiri.

Ngirozi dzinotofanirwa kufukidza zviso zvadzo, kuti dzimire muHupo hwaMwari.

<sup>111</sup> Uye, madzimai, Bhaibheri zvarakati, “Chinhu chisina kuchepa, kana kuti kuzvichepesa, kuti mudzimai atombonamate iye vhudzi rake rakagerwa.” Haana kodzero dzekuti anamate, uye munomuisa mukwaya nokutozomuita muparidzi. Ndizvozvo.

<sup>112</sup> Ndinoziva kuti zvinokuitai kuti musanzwa zvakanaka zvishoma. Asi, munoziva, saamai vaiwanzonditi, maererano nokudya mafuta epfuta, “Kana akasakuita kuti urware, haakubatsire.” Nokudaro ndizvo zvimwe chete neEvhangeri.

Inofanira kukuita kuti ufunge. Ichokwadi. Varume nemadzimai, mose, mose mune mhosva, mativi ose, matanhatu kumwe kwacho nehafu yedhazeni kune rimwe racho.

<sup>113</sup> Ndipo chaipo patimire, hapana ruremekedzo, zvisinei kuti Shoko rinoti kudini. “Saka, zvakanaka. Ndinotenda kuti zvakanaka.” Uri kungofungidzira kuti zvakanaka. Bhaibheri rakati hazvina kunaka! Zvino *kufungidzira* “kuita chinhu usina mvumo.” Hauna mvumo yaMwari yokuzviita.

<sup>114</sup> Maseminari aya nezvikoro nezvimwe, vanotendera zvinhu zvakadai, zvinonyadzisa. Zvinoisa majaya, vashumiri vechidiki, mugwara risiri iro, kuti vatevere imwe dzidziso yebhaibheri yakagadzirwa nevanhu panzvimbo yeShoko raMwari. Ndosaka vasingakwanise kutenda Mharidzo yechokwadi yemazvirovkazvo, ndosaka vasingagoni kuva nezvinhu Izvi mukereke, ndosaka vakaMuisa panze mumazuva okupedzisira, havana ruremekedzo muHupo hwaKe. Hupo hwaKe hunogona kudzika, vanosekesa nokuputitsa chingamu, vachifamba-famba vachienderera kunge hameno zvazvo, vasina kana kuremekedza, muHupo hwaKe. Zvino, zvino hapana kuremekedza, zvachose, kuna Mwari kana vanhu vaKe.

<sup>115</sup> Sei, vanozviitirei? Zvino nyatsotereresai. Vanozviitirei? Havacherechedze Hupo hwaKe. Havafungi kuti ndiMwari.

<sup>116</sup> Munofunga here imi kuti mudzimai uya angadai akanyatso...kana musoja uya kuti angadai akaMurova kumeso, uye nokuisa chidhende kumeso kwaKe nokumurova mumusoro, ndokuti, “Zvino kana Uri muporofita, tiudze kuti ndiani aKubata?” Dai murume uyu akaziva kuti ndiMwari waakanga ari kurova, munofunga here kuti angadai akazviita? Munofunga here kuti musoja uya akadhakwa angadai akadzura ndebvu kubva kumeso kwaKe, nokusvipira kumeso kwaKe, nemakararwa nemate kumeso, dai akazviziva izvozvo kuti aiva Mwanakomana waMwari? Akanga asiri kuzvicherechedza.

<sup>117</sup> Zvino nhasi, zvinonzi nevanhu boka remipengo, havasi kucherechedza kuti Mweya Mutsvene uri kushanda muvanhu ivavo. Uye vanongoita zvese-zvese; vasingazvicherechedze, vasingacherechedzi Hupo hwaKe. Munoziva, sezviri chitaurwa chakare...Vamwe vavo vanoti, “Ndinoenda kumusangano kunoseka, ndinoenda kumusangano kunotsvaga mhosva.” Zvinonzi mapenzi anofamba negogodo panotywa kufambwa napo neNgirozi. Havacherechedzi Mwari, ndicho chikonzero.

<sup>118</sup> Wadini kuva saDhavhidha. Dhavhidha akati, “NdinoMuisa nguva dzose mberi kwangu.” Ndosaka akati, “Handisi kuzotsukunyutswa,” nokuti Mwari vanogara nguva dzose mberi kwake. Hongu, changamire.

<sup>119</sup> Zvino, kechipiri, akafukidza tsoka dzawo. Chii, “Akafukidza tsoka dzawo,” zvairevei? Kuzvininipisa. Kufukidza

meso awo zvaireva ruremekedzo muHupo hwaMwari. Kufukidza tsoka dzawo zvaireva kuzvininipisa muHupo hwaKe.

<sup>120</sup> SaMosesi muHupo hwaKe, achibvisa shangu dzake, akafukura tsoka dzake.

<sup>121</sup> Pauro paakawana Jesu, Shongwe yeMoto, akawira pasi, akabva patsoka dzake. Paifanira kunge pari ipo pane tsoka dzake, akaisa chiso chake, kuzvininipisa.

<sup>122</sup> Johane Mubhabhatidzi, muporofita uya mukuru, wokutanga kuva panyika mushure memakore mazana mana, asi akati, “Handina kukodzera kubata tsoka dzaKe, kusunungura tambo iri pashangu yaKe.”

<sup>123</sup> Munoono, ayo aive patsoka dzake, akafukidza, zvaireva kuzvininipisa. Cherechedzai zvino muranda uyu pamberi paMwari: Chiso chake chakafukidzwa mukuremekedza, tsoka dzake dzakafukidzwa mukuzvininipisa, hongu, uye kunyatsoziva . . . Nyatsoziva huduku hwako.

<sup>124</sup> Isu tose tiri kuedza kuva mumwe munhu mukuru. “Ndini Chiremba *Nhingi-nhingi*, mukuru *Nhingi-nhingi* weKwakati-nekwakati.” Hapana zvauri. Ndizvozvo. Zvinongori . . . Hapana zvauri. Kana uchida kuziva kuti uri mukuru zvakadini, isa munwe wako muchidziva chemvura wouburitsa, ugowana buri pawanga wakauisa. Maona? Hapana chiripo ipapo. Zvino ndizvo zvatiri. Mwari vanogona kushaya basa nesu, asi isu hatikwanise kunge tisinaVo. Uri ani iwe? Maona?

<sup>125</sup> Kunge uchicherechedza huduku hwauri. Nzira yekumusoro kubvira zasi. “Uyo anozvininipisa achasimudzirwa; uyo anozvisimudzira achaderedzwa.”

<sup>126</sup> Nguva shoma yapfuura ndakakokwa kuChicago, neboka revatsvene, kuti nditaure. Mumwe mushumiri mukuru wePentecosti ikoko aiva kuda nemadhigirii mana emukoreji, nezvimwe zvakadaro, zvino akanga asingadi matauriro angu akatyoka-tyoka ikoko pamberi pekanzuru huru iyo yavakanga vachazova nayo, nokudaro akanga aine mumwe munhu akanga abva kune chimwe chikoro chikuru cheBhaibheri, kuti auye, chikoro chikuru cheBhaibheri chemuChicago, kuti taure. Zvino murume uyu akataura zvino zvaakanga ari kuzoita, “Akauya ipapo ndokuzvidza vanhu vaya, pane vrose zvaaigno kufunga, kuti vakanga vakatsauka zvakadini kutenda kuti kune Mweya Mutsvene nezvimwe zvinhu zvose zvakadaro,” pamberi pevanhu vechiPentecosti. Akaendako akasimudza dundundu rake, neko—kora yakapindurudzwa, akapfeka sutu inenge tukusedho, ndokukandira zvinyorwa zvake zvose pose paplatifomu. Akanga akanyatsozvironga zvine unyanzvi zvokuti aikwanisa kutsanangura Bhaibheri, zvokuti kana Mwari hapana chaaziva nezvaZvo.

<sup>127</sup> Zvino chinhu chokutanga munoziva, imi . . . Akaona kuti vanhu havasi kuzvigamuchira. Akaenderera mberi achitaura

zvimwewo zvakadaro, zvino ivo vakangoramba vakagara vachitarisana. Hazvina kugamuchirika kumhando yakadai yevanhu, maPentecosti. Saka mushure mechinguva akaona kuti akanga akundikana, ndokutora zvinhu zvake ndokuzviisa muhapwa yake, nokufamba achibva paplatifomu, musoro uri pasi, wakarembere. Mumwe mutana mutsvene akanga akagara kumadziro, akati, “Dai anga akwira semadzikiro aaita, angadai adzika semakwiriro aaita.” Ndizvo nzira yazvinogona kuvawo, zvakare.

<sup>128</sup> Zvininipise, ona kuti unogona kuzviredza zvakadini; kwete zvaunoziva, zvausingazivi. Rega uzvininipise pamberi paMwari.

Zvino tinoona, chetatu, Raibhururuka nemamwe mapapiro maviri.

<sup>129</sup> Zvino cherechedzai, kutanga, Iro, muHupo hwaMwari, Rairemekedza, huso hwaRo hwakafukidzwa. Chepiri, Rakazvininipisa pamberi paMwari, tsoka dzaRo dzakafukidzwa. Zvino mapapiro aRo aitevera, Raibhururuka, zvakaRiisa pakushanda basa. O, zvangu ini!

<sup>130</sup> Mwari vakanga vari kuitei? Vakanga vari kuratidza muporofita zvinofanira kunge zviri muranda waVo akagadzirirwa. Mwari vakanga vari kuratidza, “Ava varanda vaNgu. Ava ndevangu. Tarira uone kuti vanogadzirirwa sei; kuremekedza, kuzvininipisa, uye nokuita basa.” Ndizvo zviri varanda vaMwari. O, ini zvangu!

<sup>131</sup> Ndizvo zvatnofanira kunge tiri: kuremekedza Shoko raMwari, kuzvininipisa, nokuitira Mwari basa.

<sup>132</sup> Semudzimai paakadanirwa kuita basa, akauya, paakati, “Uyai, muzoona Murume Anditaurira zvandakaita.”

<sup>133</sup> Chiratidzo chaKe chakamuruzira, kuti Aive Mhesiya. Mudzimai akati, “Changamire, tinoziva, kuti Mhesiya ari kuuya. . . Zvino, Unofanira kunge uri muporofita. Tinoziva, kana Mhesiya auya, achatitaurira zvinhu izvi.”

<sup>134</sup> Munooona, aitarisa kuti Ahati, “Zvakanaka, Mhesiya ari kuuya nokukasika; ndiri kungofanoenda mberi kwaKe.” Asi Akati, “Ndini iYe.”

<sup>135</sup> Zvakabva zvaisa mudzimai pabasa zvino. Akatanga kubata basa. Hawaigona kumumisa. Zvakaita seimba iri kubvira, sokureva kwandakaita pane umwe usiku, pane mhengo yakawanda. Hawaigona kumumisa. Hoyo akadzika achimhanyira muguta, “Uyai, muzoona Murume Andiudza zvinhu zvandakaita. Handiye here Mhesiya?” Maona? Akanga ave kuita basa.

Chii chaakaita? Akauya, kutanga, ndokuzvininipisa.

“Ndiunzirewo mvura yokunwa.”

<sup>136</sup> Ndokuti, “Handiti, madzibaba edu ainwa kubva mutsime iri,” nezvimwe zvakadaro. Uye—uye mudzimai . . .

<sup>137</sup> Akati, “Zvakanaka, ndichakupa Mvura yekunwa; hauzouyi kuno.”

Mudzimai, “Changamire, Changamire, ndipeiwo Mvura yacho.”

<sup>138</sup> Munoono, akanga akazvininipisa panyaya yacho. Uye paakazvininipisa, zvino Jesu akamuratidza chiratidzo chaMhesiya, zvino izvozvo zvakamuita kuti ashande basa. Akanga agadzirira kuchienda zvino, akanga akagadzirira kutaurira munhu wese waaisangana naye. Maona?

<sup>139</sup> Chaizvoizvo, patsika dzenyika dzeKumabvazuva, varume vangadai vasina kumboteerera mudzimai uyu. Mudzimai akadai haana zvaanogona kutaura pakati pevanhu. Zviro kwazvo haana. Hapana chaanogona kutaura. Asi imboedza kumudzivisa? Akanga ave kuita basa. Atofanira kuudza mumwe munhu, “Uyai kunze kuno mugozvionera. Murume wacho andiudza zvandakaita. Handizvo here zvatagara tichitsvaga? Handizvo here zvinotaurwa neMagwaro, kuti Mhesiya, kana Auya, Achaita izvi?” Akanga ave kuita basa nokuti akanga azvininipisa, zvino Mwari ndokupinda maari.

<sup>140</sup> Petro, paakatora Shoko raKe. Paakakukudza usiku hwose, semubati wehove ikoko, zvino akadzoka, akawodzwa moyo, asina hove. Wese mubati chaiye wehove anoziva kuti zvinorevei, kushaya hove. Zvino, chokutanga, akanga asuka mambure ake, ndokuayanika pamahombekombe, achiaomesa.

<sup>141</sup> Zvino Jesu akauyako ndokukumbira chikepe chake. Akaparidza. Zvino Akati, “Simoni, endesa chikepe kwakadzika ugodzikisa mambure kuti ubate hove. Dzokera ipapo pawakakukudza, usiku hwese. Dzokera ipapo pawakanga uchishingaira, awa yoga-yoga, ugodzikisa mambure kuti ubate hove dzakawanda, kubata kukuru.”

<sup>142</sup> Zvino tarirai. Akati, “Ishe, tashingaira usiku hwose uye hapana chatawana. Asi paShoko reNyu, Ishe, ndichadzikisa mambure. PaShoko reNyu!” Ndizvozvo, tora Mwari paShoko raVo. Zvino paakadzikisa mambure, akabata hove dzakawanda zvokuti mambure akatanga kutsemuka.

<sup>143</sup> Zvakamuita kuti ashande basa. Hongu, changamire. Runziro yaJesu paari yakamuita kuti aite basa, ndokubva akandira pasi mambure. Zvino Jesu ndokuti, “Usatya, kubva zvino uchabata vanhu.”

<sup>144</sup> Murume bofu, paakapodzwa, agere pamusiwo uye . . . kana kuti agere mumugwagwa. Zvino vaFarise vakati, “Wose aipupura nezvaKe, kana aiva nechokuita naJesu, aizodingwa mutembere.”

145 Ivo, vakauya, ndokubvunza baba naamai. Vakati, “Akura; mubvunzei.”

Akati, “Murume, anonzi Jesu, andipodza.”

146 Ndokuti, “Murume uyu mutadzi. Haasi wemapoka edu. Hatizivi kwaakabva. Rumbidza Mwari!”

147 Akati, “Zvino, zvokuti mutadzi here kana kuti kwete, handizivi.” Akati, “Asi chinhu chimwe ichi ndicho chandinoziva; kuti ndanga ndiri bofu, zvino ndave kuona.” Ndokuti, “Chinhu chinoshamisa, kwandiri, ndimi munofanirwa kunge muri imi vatungamiriri vepamweya vemunguva ino, uye Murume uyu azarura meso angu, asi hamuzive kwaAnobva.” Chii chaakaita? Akatanga kuita basa. Ndizvozvo. Zvakamuisa pakuita basa, nokuti akashambadzira mbiri yaKe ikapararira munyika yose.

148 Vanhu, neZuva rePentecosti, Jesu paakavaudza kuti vamirire kumusoro ikoko, uye kuti vaizo. . . Kudzika, zvino apo Mweya Mutsvene wakadzika pavari neZuva rePentecosti, pavakanga varunzirwa neShoko raMwari rakaratidzwa. Zvino rangarirai, Jesu wakati, “Mirirai paJerusarema kusvikira mazadzwa neSimba rinobva Kumusoro.” Vakamirira, kwete mazuva masere, kwete mazuva mapfumbamwe; vakamirira mazuva gumi, kusvikira vimbiso yaratudzwa. Zvino Mweya Mutsvene wakawira pasi ndokuZvipatsanura, uye ndimi dzeMoto ndokugara pamusoro pomumwe nomumwe wavo.

149 Zvino pavainge vari kurunzirwa neMweya Mutsvene, vakatanga kuita basa, vachidzedzereka sezvidhakwa, vachidanidzira, vachitaura nendimi, vakabuda ndokuenda mumugwagwa.

Vakati, “Vanhu ava vakaguta newaini itsva.”

150 Iye, Petro, akasimuka, ndokuti, “Izvi ndizvo zviya zvakataurwa nemuporofita, Joere, ‘Zvichaitika nemazuva okupedzisira.’” Chii chazvakaita? Zvakamuisa pakuita basa.

151 Uchakuisa iwe pakuita basa, kana usinaWo, Uchakuisa pakuita basa pauchaona Shoko raMwari richizadzikiswa. Zvataona mumazuva ano okupedzisira, zvinofanira kutiita kuti tipinde pakushanda basa. Zvinofanira kuzviita, kana tikangozviita noruremekedzo nokuzvininipisa. Shongwe yeMoto mberi kwaPauro, yakamuisa pakushanda basa. Uye nhasi patinoona Shongwe yeMoto imwe chete, nesainzi, nezvibereko zvaYo, nezvaYakavimbisa, ichiita kuti Shoko mumazuva ano okupedzisira rizadzikiswe nemazvo, zvinofanira kutiisa pakuita basa. Nokuti, chiratidzo chakapuwa, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, nguva shoma Sodhoma isati yatsva, ndizvo zvazvichange zvakaita pakuuya kweMwanakomana wemunhu; Acharatidzwa zvakare, mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.” Zvinofanira kuisa nhengo yose yemutumbi waKristu kuita basa, uchiunza wose waunokwanisa, nokuti ino inguva yokupedzisira, ndiko kudana kwekupedzisira, kudana

kwekupedzisira. Shoko neShoko, Rakazadzikiswa. Zvinofanira zvirokwazvo kutiisa pakuita basa.

<sup>152</sup> Isu, semuporofita, takaona magumo emasangano akazvisimudzira akarasiikirwa nenzvimbo dzawo muna Kristu, akarasiikirwa nokubatirira kwawo paShoko, vachigamuchira zvitendwa. Uye takaona zvakaitika kwavari pavakazviita, vakafa pamweya. Tinoona zvakaitika kumaLutheran pavakaramba kudana kwaWesley. Tinoona zvakaitika kumaMethodisti pavakaramba kudana kwePentecosti. Iye zvino ko maPentecosti? Maona?

<sup>153</sup> Takaona varume vakazvikwidziridza, sezvakaita Uziya, uyo akaedza kutora nzvimbo yehofisi yakazodzwa. Hofisi yemunhu mukereke yakazodzwa, kwete kuiswa. Yakazodzwa. Kereke, mu...mufudzi, muvhangeri, muporofita, muapostora, anofanirwa kunge ari mahofisi aMwari akazodzwa, kwete akasarudzwa nemunhu. Munhu akamboedza kusarudza hofisi iyi pane imwe nguva, ndokuikandira mijenya; Matia anosuwisa hapana kana chaakaita, asi Mwari vakasarudza Pauro zvino ane zvaakaita nokuti akanga akazodzwa. Zvino takaona vabati vezvigaro izvi vachiti, “*Uyu* ndimubhishopi mutsvene *nhingi-nhingi*, *uyu* ndimukuru *nhingi-nhingi*, *uyu* ndava *nhingi-nhingi*,” hazvina chazvinoita. Asi kana Mwari akauya otona simba, zvino tinoona chizoro cheMweya Mutsvene chichisimbisa Shoko raMwari.

<sup>154</sup> Zvino, kushanda kwechiratidzo pamuporofita, zvakaitei kumunhu uyu akazvarwa ari muporofita? Rangarirai, akanyora Bhaibheri rose. Pane mabhuku makumi matanhatu nematanhatu aIsaya, uye nemabhuku makumi matanhatu nematanhatu eBhaibheri. Rinotanga, semuna Genesi; pakati peBhuku ndipo panouya Testamende Itsva, Johane Mubhabhatidzi; zvino rozoguma muMireniyamu. Muporofita mukuru, munwe wevaporofita vakurusa vatakambowana, aiva Isaya, uye ndizvo zvaakaberekerwa kuti azova.

<sup>155</sup> Asi paakamira muHupo hwaMwari, chii chazvakaita kuti muporofita aite? Muporofita akati, “Ndine nhamo, nokuti ndiri munhu ane miromo yakasviba.” Kuuya muHupo hwaMwari, uye nokuona mudziyo waMwari wakazodzwa zvechokwadi, zvakaitei kuti muporofita apupure kuti aive mutadzi. Ndizvo zvaZvinofanira kutiitawo kwatiri, Zvinofanira, Hupo hwaMwari hwakazodzwa. Paakaona Rimwe richidanidzira, uye mbiru dzichizungunuka, uye Ngirozi idzi dzichifamba dzichienda nokudzoka, dzichiratidza kuti Dzaive mberi kwaMwari, uye kuti Dzaive varanda vaMwari, vakazodzwa, zvino Dzakanidzira; iye aive mutadzi.

<sup>156</sup> Chii chakaitika zvino paakanga agadzirira? Zvino teererai, mukuvhara. Akanga agadzirira kupupura kuti aive mutadzi, “Ndine nhamo, nokuti ndiri munhu ane miromo ine tsvina,

uye ndigere pakati pevanhu vane miromo ine tsvina. Ndine nhamo!” Zvino Ngirozi yakatora mubato ndokutora zimbe kubva paartari, ndokuribata mumawoko aYo, ndokuuya kuzomuchenesa naro. Zvino kwakazouya kucheneswa, mushure mokureurura kwake.

<sup>157</sup> Zvino kana muporofita, akadanwa, akasimbiswa kuva muporofita waMwari, muHupo hwaMwari, achiona huduku hwake, akanga agadzirira kupupura kuti aive mutadzi, ko iwe neni tinofara kuitei? Asi munoziva here zvatinoitwa? Tinotarisa kudivi, tofamba tichibva tichiseka. Ndipo patimire, kusvikira kucheneswa kwauya. Tarisai, Isaya . . .

<sup>158</sup> Ndinoda kuti mucherechedze chimwe chinhu zvakare. Mwari havana kushandisa mabhuku nedzidzo yebhaibheri, nemutauro zvedzidzo yebhaibheri, kuchenesa muranda waVo. Vakashandisa Moto. Havana kumboshandisa zvitendwa kuchenesa muranda waVo. Vakatora Moto kubva paartari. Zvino kana Mwari vachizochenesa munhu nhasi, unofanira kunge uri Moto weMweya Mutsvene unochenesa munhu; kwete kuverenga bhuku nokuita *zvokuti*, kana rimwe bhuku rakanyorwa *nanhingi-nhingi*.

<sup>159</sup> Mumwe mushumiri mukuru muno muCalifornia akati, pane rimwe zuva, akanga aine “bhuku regore.” Ndinopesana naye. Bhuku regore iBhaibheri, ndizvo zvarangogara riri. Bhuku regore iBhuku raMwari, nguva dzose.

<sup>160</sup> Zvino Mwari vakashandisa Moto kuchenesa muranda waVo. Zvino tevere, mushure mokunge areurura mukuzvinipisa kuti aive akatadza, zvino kwakazouya kucheneswa; zvino mushure mokucheneswa, kwakazouya kutumwa. Munoono, ndipo pane dambudziko, vamwe vedu tinoda kuedza kutanga tatumwa tisati tacheneswa. Maona? Tinoti, “Zvakanaka, ndichatevera *zvakati*.” Tinofanira kutevera Mwari. Idzo Ngirozi dzakaita chinhu chimwe chete, dzakagara muHupo hwaMwari; dzakazvinipisa, dzichiremekedza, uye dzichiita basa pamberi paMwari. Zvino kwakazotevera, kutumwa; mushure mokureurura nokucheneswa, ndipo apo Isaya wakachena akadanidzira, “Ndiri pano; nditumei.”

<sup>161</sup> O, hama, hanzvadzi, kana pakambova nenguva iyo vanaIsaya vanofanira kuuya kuimba yaMwari kuzocheneswa! Kana pakambova nenguva yokuti nhengo yekereke inofanira kunyatsouya yoreurura zivi zvayo! Kana pakambova nenguva yeuyo akadzokera kumashure!

<sup>162</sup> Pafungei, usiku hwakatsva Sodhoma, unofunga kuti vanhu vangani vakafamba vachibva pamharidzo yeNgirozi dziya? Unofunga kuti vanhu vangani vasina kuita hanyn’a nekunzwa inzwi raVo? Uye vakaparara usiku humwe chete ihwohwo, uye havachazovapo zvakare, kunze kwekurangwa kwavo mugehena.



163 “Sezvazvaiva mumazuva aNowa.” Vanhu vangani vakamuseka vakaita dambe naye, uye vachingouya kuzomunzwa, vachiti, “Tichaendako kunonzwa mupengo wakwegura uya achibvotomoka zvakare, kungoti timbononakidzwa.” Vosimuka, vofamba vachienda, vorega kana kumbomuteerera achiparidza. Zvinhu zvakangosiyana-siyana; uye vakaparara mukutongwa uko kwaaiparidza.

164 Amosi, muparidzi uya muduku, achiziva . . . asingazivikanwi kwaakabva, muporofita, chizoro, akauya ndokutarisa zasi kuSamaria panguva iyoyo. Mhanza yake ichipenya, ndebvu dzake chena, paakasvika pamusoro pegomo. Akatarisa pasi, meso ake matsvene akatsinzinyira paainge akatarisa pamusoro peguta iri, kwete sevashanyi vanobva pasi rose. Nokuti, vaprisita, vose, vakanga vatadza, uye vaporofita venhema vakanga vari kuvaudza kuti zvakanga zvakana. Akadzikako asina aibatirana naye murumutsiro rwake. Akadzikako asina chaaive nacho, zvino ndokudanidzira. Zvino akati, “Iye Mwari wacho chaiye, wamunoti ndiye wamunoshumira, achakuparadza.”

165 Uye ini ndinoti ZVANZI NAJEHOVHA: uyo Mwari, America wainoti ndiye wainoshumira, achaiparadza. Uzvitore sokuda kwako. Zvatinoda, kudzika kuartari, Isaya. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

Zvino Mwari vakati, “Ndiyani achaNdiendera?”

166 Isaya akati, “Ndiri pano; nditumei.” Ndafunga chimbo chiya:

Apo zimbe reMoto parakagunzva muporofita,  
Richimuchenesa kuti mburetete,  
Zvino inzwi raMwari parakati, “Ndiyani  
achatiendera?”  
Zvino akapindura, “Tenzi, ndiri pano,  
nditumei.”

167 Kutanga akatozvinipisa pamwe nokucheneswa, ndokugadzirira sokuona kwataita muranda akagadzirirwa. Onai Uziya kugadzirirwa kwaakanga aitwa, asi akakundika. Usaise . . .

168 Unoti, “Zvakanaka, zvino, ndinoziva Chiremba *Nhingi-nhingi* munhu wakanaka. Ndinoziva Hama *Nhingi-nhingi*.” Vanogona kunge vakadaro, asi usatarise kune izvozvo.

169 Tarisa kumusoro *kuno*, uone, *iyi* ndiyo Nzira. Mwari vane Nzira yokugadzirira. Vakazviita sei? NeZuva rePentecosti, Petro akavaudza zvokuita. Akavanyorera gwaro remushonga, uye ragara riri zvimwe chete. UsaRikanganise, unouraya murwere wako.

Vakati, “Ko todini kuti tiponeswe?”

<sup>170</sup> Akati, “Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso iyi ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, uye neavo vose vachadanwa naIshe Mwari wedu.”

<sup>171</sup> Ndivo avo vari pano manheru ano. Kana Mwari vachiri kudana, ndiyo nzira yacho. Unokwanisa kugamuchira Mweya Mutsvene mumwe chete wavakambogamuchira kareko, ingo. . . Unokwanisa kugamuchira chinhu chimwe chete manheru ano. Ingoita zvose. Ndzivo zvoga zvaunoita. Hongu, zvino unogona kuzoti:

Apo zimbe reMoto rakagunzva muporofita,  
Richimuchenesa kuti mburetete,  
Zvino inzwi raMwari parakati, “Ndiyani  
achatiendera?”  
Zvino akapindura, “Tenzi, pano, nditumei.”

Ngatirwuimbei.

Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichakasika kuKupindurai;  
Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichapindura, “Ishe, nditumei.”

<sup>172</sup> Teerera pano, hama.

Kune mamiriyoni zvino muchivi  
nekunyadziswa, vari kufa;  
O, teerera kuchema kwavo kwakasuwa  
nekudumbirwa;  
Kasika, hama, kasika kunovadzikinura;  
Zvino nokukasika pindura, “Tenzi, ndiri  
pano.”

O, taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichakasika kuKupindurai;  
O, taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichapindura, “Ishe, nditumei.”

<sup>173</sup> Ngatikotamisei misoro yedu. [Hama Branham vanotanga kuimba mahon’era *Taurai, Ishe Wangu*—Mupepeti.]

Richimuchenesa kuti mburetete,  
Zvino inzwi raMwari parakati, “Ndiyani  
achatiendera?”  
Zvino akapindura, “Tenzi, pano, nditumei.”

Unoda here kuva wakazvininipisa wakacheneswa?

Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichakasika kuKupindurai;  
Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichapindura, “Ishe, nditumei.”

174 Apo vari kuridza zvino, muna Isaya mumwe chete here muno manheru ano, kana zana, vanoda kuenda, vanoda kuchenesa kwaMwari muhupenyu hwavo? Iwe usingazivi Kristu seMuponesi wako, unokokwa zvino kuartari, kana Ari kutaura nemoyo wako. Handifariri zvokugombedzera. Ndinofunga kuti Mweya Mutsvene pachaKe ndiye anogombedzera. Asi kana uri pano, uye usina Kristu. . . Zvino rangarira, uchapindura neZuva reKutongwa, nokuda kwezvauchaita neizvi manheru ano. Maona? Zvino kana uchida kuuya, ndiri pano kuti ndinamate newe.

175 MuZita raKristu, ndinokupa mukana wokuti uuye, utsvake Mwari, uye nemufaro unokwanisa kuMuwana. Vechidiki, vakuru, vezera repakati-nepakati, nhengo dzekereke, ungava ani zvake; kana Moto waMwari, weMweya Mutsvene, usati wakuchenesa mumoyo mako, kusvikira apo wava kutenda Shoko rose remuBhaibheri iri, uye Kristu ari chapupu chinorarama chako. . . mumoyo mako, kuti Wakamuka kubva mukufa, zvadaro ndiri kukukokera kuartari. Uya pano tinamate newe. Ndichitenda imi mose, zvino, nokuda kwemaitiro enyu, kuti makaponeswa.

176 Zvino, pane akadzokera shure here muno angauya? Ndiri kukukumbirai, semuranda waKristu, dai ukafamba uchiuya kuno uye tinamate newe. Handiti Achakugamuchira; ndinotenda kuti Achazviita. Haungauyi here ugozvienda iko zvino? Kana Ari kutaura newe, uya.

177 Avo vasina rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene? Ndinofungidzira kuti hapana pano asina, akadzokera shure. Munhu wose, zvino, anofanira kunge anyatsonamata; Makristu, uye anyatsonamata. Zvino kana wanyatsonamata, uye usina rubhabhatidzo, uye unoda kuti Mwari vaUpe kwauri, ndiwo uno mukana wako, zvino.

178 Pane munhu mumwe chete muno asinaWo. Moyo wako wakazvinipisa uropafadzwe. Ndinovimba kuti ndemumwe Isaya.

Iye zvino chisimudzai misoro yenyu zvino.

179 Pane murume mumwe chete akakotamisa musoro pano paartari, uyo wandinovimba kuti ndiIsaya.

Iye zvino Ave pano. Munotenda here kuti Ave pano?

180 Iye zvino ndinoda kukuudzai zvamaita. Maita chinhu chakaipisisa kudarika zvamakamboita. Pane vanhu mazana maviri kana matatu pano vanofanira kunge vari paartari.

181 Regai ndikuratidzei, muZita raIshe, kuti ndizvo chaizvo zvandiri kutaura. Tarirai. Vamwe venyu imi vanhu pano, namatai.

182 Pano, pano pane mudzimai agere pano akapfeka jasi jena, jasi duku jena, akanyatsonditarisa. Handikwanisi. . . Mudzimai

Mukristu. Asi ari kunamatira hurwere. Ane arthritis. Unotenda here kuti Mwari vanogona kukuita kuti uite zvakanaka, kukupodza? Zvadaro unogona kuzviwana.

<sup>183</sup> Murume anotevera, agere parutivi rwako ipapo, ane dambudziko munzeve dzake. Munotenda here kuti Mwari vanogona kupodza dambudziko renyu renzeve, changamire, mugoita zvakanaka? Hongu. Simudzai ruoko rwenyu kana muchitenda.

Iye zvino ndapota ivai noruremekedzo, kwechinguvana.

<sup>184</sup> Murume ari parutivi pake anorwara nemoyo. Unotenda here kuti Mwari anogona kukupodza, changamire, une dambudziko remoyo? Handikuzivi. Uri mutsva kwandiri. Ndizvo here? Uri mutsva. Zvakanaka, teerera. Kana Mwari vakandiudza kuti ndiwe ani, zvingakubatsire here? Uri kundinzwa zvakanaka here? Zita rako unonzi VaBlackwood. Unotenda here kuti Anogona kundiudza kwaunobva? Unobva kuRiverbank, California. Kana zviri izvo, simuka netsoka dzako. Handina kumbobvira ndakaona murume uyu, muhupenyu hwangu. Zvakanaka.

<sup>185</sup> Mwari vakuropafadzei, changamire. Kutenda kwenyu kwakupodzai. Mudzimai uyo agere parutivi rwako ipapo, ane dambudziko rekuhuta-huta. Unoda here kupodzwa kubva pakuhuta-huta? Simudza ruwoko rwako, kana uchida. Isai ruwoko rwenyu pamudzimai, changamire, kuti mudzimai uyu agopodzwa.

<sup>186</sup> Mudzimai uyu agere pedyo newe, zvino, ane chirwere cheshuga, akapfeka rokwe dzvuku. Anoda kunamatirwawo, zvakare. Maona? Anoda kunamatirwa. Ivai nokutenda.

<sup>187</sup> Pane mudzimai pano agere kumashure-shure. Agadzirira kunooparetwa. Kana akango...O Mwari! Ane chibereko chakafovera mukati. Zita rake anonzi Muzvare Maxwell. Tenda. Simuka, gamuchira kupodzwa kwako, Mudzimai. Hauna kadhi rokunamatirwa, unaro here? Hauna kadhi rokunamatirwa? Zvakanaka, haufanire kunge uinaro. Simudza ruwoko rwako kana zviri izvo. Handikuzivi. Kana zviri izvo, ninira ruwoko rwako. Hatizivane iwe neni, ninira ruwoko rwako sezvizvi.

Chii chaabata? Haana kumbondibata.

<sup>188</sup> VaStewart, mungadawo here kupodzwa, zvakare, pakuhuta-huta, uye muchitenda kuti Mwari vanokupodzai? Ini hamundizivi. Asi ndimi wacho, uye munorwara nekuhuta-huta. Hamukwanise kana kuzvibata. Simukai netsoka dzenyu mugogamuchira kupodzwa kwenyu, nemuZita raJesu Kristu.

<sup>189</sup> Heunoi mudzimai akagara seri kwako apo. Anohuta-hutawo, zvakare. Ane dambudziko munyama dzemuviri wake. Achazvipotsa uye...Mai Newell, simukai, kana riri iro zita

renyu uye muri imi. Tenda! [Hanzvadzi inochema neizwi riri pamusoro—Mupepeti.]

Munotenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>190</sup> Chokwadi, pane mudzimai agere ipo pano, anorwara nemoyo neB.P. Munozvitenda here, ndizvo, hanzvadzi? Simuka kana zviri izvo.

<sup>191</sup> Mudzimai agere pedyo newe ipapo, ane chimwe chinhu muchipfuva chake. Kana zviri izvo, simuka.

<sup>192</sup> Taurira mudzimai, ari pedyo naye, ane mapundu kumeso kwake, anenge mamota. Kana achida kuti zvipore, muudze asimuke azvigamuchire.

<sup>193</sup> Zvino pane boka revamwe venyu vari muno vanofanira kunge vari paartari ino, vachitsvaka Mweya Mutsvene. IZVANZI NAJEHOVHA. Munona here zvandiri kureva? Kamwezve ndave kuzodana. Ndiko kusimbiswa kwekuti ndiri kukutaurirai chokwadi. Mwari vari kutaura kuvanhu vari muno, zvino muri kuti pokanei. Ungatendeka here kusimudza ruwoko rwako, uchiti, “Hongu, Hama Branham, ndagara nguva dzose ndisina kunyatsomira. Ndiri kuda Mwari akawedzerwa. Ndinoziva kuti pane chandisina mandiri, uye chandaifanira kuve nacho pandakati ndine Mweya Mutsvene”? simudza ruwoko rwako, ungazviitawo here? Chingotendeseka nezvauri. Mweya Mutsvene haukanganisi. Ko wadii wauya kuno, zvino, upedze kupokana uko? Uya! “Ndichakasika. . .”

Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,  
(Ndizvozvo)

Taurai, uye ndichakasika kukupindurai.

<sup>194</sup> Munona, handisi kukuudzai zvinhu zvisiri izvo, vashamwari. Mweya Mutsvene uri kudana. Pane mazana vari muno, kana muchinditenda kuti ndiri muporofita. Zvino, rangarirai, ndiri kukuudzai muZita raShe, wakanyengerwa. Uya kuno!

Zimbe reMoto parakagunzva muporofita,  
Richimuchenesa kuti mburetete,  
Zvino inzwi raMwari parakati, “Ndiyani  
achatiendera?”

Zvino akapindura, “Tenzi, pano, nditumei.”

<sup>195</sup> Haungataurawo here zvinhu zvimwe chete? Zvino simuka, simudza mawoko ako.

Taurai, Ishe wangu, o, taurai, Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichakasika kuKupindurai;  
Taurai, Ishe wangu.

<sup>196</sup> Ari kuitei? Saka Mupindure, kana Ari kutaura. Kana paine kakupokana pane imwe nzvimbo, usina nechokwadi zvino neizvi, usaite zvokungoedzawo. “Ishe, nditumei.”

O, taurai, Ishe wangu, (Ari kutaura.  
Chiuya.) . . . Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichakasika . . .

<sup>197</sup> Zvino, vanhuwee, handiiti zvemanyawi. Handisi wokuti ndinongotaura zvinhu zvisiri izvo. Ndinonzwa kutungamirirwa pandinotaura zvandinoita.

. . . Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichapindura . . .

<sup>198</sup> Unoti, “Ko vanhu vachati kudini nezvazvo?” Izvo zvichataurwa naMwari nezvazvo, ndizvo zvacho. “Nditumei.”

Taurai, Ishe wangu, (Ndizvozvo)  
Taurai, uye ndichakasika kuKupindurai;  
. . . Ishe wangu, o, taurai, Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichapindura, “Ishe, nditumei.”  
Kune mamiriyoni zvino muchivi  
nekunyadziswa vari kufa;  
O, teerera kuchema kwavo kune kusuwa  
nekudumbirwa;  
Kasika, hama, kasika kunovadzikinura;  
O, nokukasika pindura, “Tenzi, pano,  
nditumei.”

O, taurai, wangu . . .

<sup>199</sup> Iye zvino munhu wose ari muno, tiri kuda kugadzirira shumiro huru yekupodzwa kwevarwere mangwana, zvakare. Uye ndiri kuda mumwe nomuwe wenyu imi vashumiri endai pakati pevanhu ava vari kutsvaka Mweya Mutsvene, uye usangomira mushure memamaminiti mashanu, garapo kusvikira, (kusvika riinhi?) kusvikira Mweya Mutsvene waya.

. . . Ishe wangu,  
O, taurai, uye ndi . . .

<sup>200</sup> Iye zvino chiregai ungoro zvino isa ruwoko rwako pane mumwe munhu, chingoisai ruwoko rwako pane mumwe nomumwe, pane mumwe munhu; iwe uri kuzonamata, wakamiririra vanhu ava vari kumusoro kuno.

. . . Ishe wangu,

<sup>201</sup> Zvino munofambwa namo mazara, artari yazara, pane kuda zana nemakumi mashanu, mazana maviri evanhu.

. . . Ishe wangu,  
Taurai, uye ndichapin- . . .

<sup>202</sup> Zvino chitangai kunamata, “Ishe, nditumei! Taurai, Ishe wangu! Ishe, nditumei!”

<sup>203</sup> Podzai ava, Ishe, muZita raJesusu Kristu. Ishe, zviitei. O Mwari, pindurai minamoto yeava.

<sup>204</sup> Usaregedza kubata. Ramba uripo kusvikira zvaitika. Garapo kusvikira wanzwa kudanidzira kwaMwari. Mirapo kusvikira

maKerubhi ava kukuzunguza, Mweya Mutsvene une zimbe  
reMoto rabva paartari yaMwari, uchiRiisa pamiromo yako.

<sup>205</sup> [Hama Branham vanodana Hama Roy Borders kupurupiti—  
Mupepeti.]

“Taurai, Ishe wangu.”



*RUNZIRO* SHO64-0215  
(Influences)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera manheru, 15 Kukadzi, 1964, paElliott Auditorium muTulare, California, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)